

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1. Kasang Tukang Masalah**

Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunnana. Basa Sunda robahna ti mangsa ka mangsa, luyu jeung kamekaran jaman. Ku kituna, basa Sunda anu nyampak ayeuna téh mangrupa hasil tina kamekaran jaman. Éta kamekaran téh ditangtukeun ku kahirupan budi akal urang Sunda anu kapangaruhan ku suasana, tempat jeung waktu (Prawirasumantri, 1990: 12).

Hirup kumbuh jeung mekarna basa Sunda moal leupas tina kahirupan jeung kamekaran masarakat Sunda salaku pamaké basana. Ayana parobahan-parobahan anu lumangsung di masarakat Sunda tangtuna baé mere pangaruh pikeun kamekaran basa Sundana éta sorangan. Hal éta téh luyu jeung fungsi utama basa nya éta salaku pakakas komunikasi, patali marga masarakat jeung masarakat lianna. Dina hirup kumbuhna, basa Sunda téh mibanda anéka ragam basa. Ari ragam basa téh bisa disawang ti jihat nu makéna anu nyoko kana wewengkon, tahap atikan, jeung sikep panyaturna. Basa Sunda anu merenah nya éta basa Sunda anu dipaké luyu jeung tujuan katut kontéks situasi makéna atawa pragmatik (Sudaryat, 2003: 121).

Kiwari basa Sunda téh kaasup basa daérah anu masih dipiara tur diparaké ku masarakatna. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén:

*“Di daerah-daerah yang mempunyai bahasa sendiri yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura dsb), bahasa-bahasa itu akan dihormati dan dipelihara oleh Negara. Bahasa-bahasa itu pun merupakan sebagian dari kebudayaan Indonesia yang hidup”.*

Dipiara jeung dimumuléna basa Sunda ku pamaréntah ébréh ku ayana pangajaran basa Sunda, boh di SD jeung SMP ogé di sawatara SMA/SMK jeung Paguron Luhur. Hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan Sosial Budaya anu makéna. Ku kituna salian ti jadi unsur Budaya Sunda, ogé jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sundana sorangan. Bukti séjén dipiarana basa Sunda nya éta kaluarna Pérda Provinsi Jawa Barat Nomor 5 Tahun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa Sastra, dan Aksara Daérah serta Petunjuk Pelaksanaannya sarta ayana rékoméndasi ti UNESCO taun 1999 ngeunaan “ngamumulé jeung mupusti basa-basa indung di dunya”

Ku kituna, nilik kana pentingna kalungguhan basa Sunda salaku bagian tina basa daérah tétéla basa Sunda téh perlu dipiara, dibina tur dimekarkeun. Basa Sunda téh mangrupa basa daérah kadua panggedéna di Indonésia sanggeus basa Jawa, nu digunakeun ku masarakat nu aya di daérah Propinsi Jawa Barat. Kalungguhan basa Sunda salaku basa daérah mibanda fungsi atawa pancén: (1) salaku lambing kareueus daérah; (2) salaku lambing indéntitas daérah; (3) salaku pakakas patali marga di lingkungan kulawarga; (4) basa panganteur di sakola dasar; (5) pangrojong basa nasional; (6) pangrojong jeung pamekar kabudayaan nasional (Sudaryat, 1997: 24-25)

Numutkeun Rohaedi (1983: 13) basa Sunda mangrupa basa wewengkon kadua panggedéna di Nusantara sanggeus basa Jawa, nu digunakeun ku masarakat nu aya di wewengkon Provinsi Jawa Barat jeung Banten. Ku kituna daérah-daérah anu kaasup kana wewengkon Jawa Barat miboga basa dialék séwang-séwangan.

Ieu panalungtikan anu baris dilaksanakeun téh patali jeung basa Sunda dialék anu mangrupa basa anu has tur béda jeung basa séjénna. Ari anu dimaksud dialék dina ieu panalungtikan nya éta hiji sistem kabasaan anu ditandaan ku ciri-ciri has, digunakeun ku hiji masarakat di wewengkon anu tangtu pikeun ngabédakeun jeung wewengkon séjénna tapi mangrupa basa anu sarua. Ku kituna, basa dialék mangrupa kabeungharan urang Sunda salaku masarakatna tur cicirén budayana anu tetep sarua kudu diraksa dipiara.

Keraf (1984: 18) nétélakeun yén anu dimaksud dialék nya éta idiolék-idiolék anu ditandaan ku ciri-ciri anu has dina tata sora, kecap-kecap, ungkara-ungkara jsb. Kitu ogé Faturrohman (1982: 3) nétélakeun yén dialék nya éta variasi basa anu dipaké ku masarakat di wewengkon. Ieu pamadegan luyu jeung anu ditepikeun ku Sudaryat (1991: 128) nya éta ragam basa anu béda-béda disawang ti para pamakéna.

Tumuwuh jeung mekarna basa dialék dipangaruhan ku sababaraha paktor nya éta paktor kabasaan, luareun basa, kaayaan alam, batas-batas pulitik, ékonomi, patukeran budaya. Paktor-paktor tadi bakal mangaruhan kana kaayaan basa dialék, tur bakal nimbulkeun kamungkinan parobahan.

Sajauh ieu panalungtikan ngeunaan basa dialék anu geus katitén di antarana: “Basa Sunda Dialék Ciamis di Kacamatan Padahérang” (Damaji Sobari, 2002); “Basa Sunda Dialék Pandéglang di Kacamatan Munjul pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” (Mimi Helmiah, 2005); “Basa Sunda Dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran” (Adi Senjaya, 2005); “Dialék Sosial Basa Sunda di Kacamatan Cianjur Kabupatén Cianjur (Ulikan Kandaga Kecap Ragam

Basa Prokém (slang) di Kalangan Rumaja)” (Adita Gunawan, 2007); “Basa Sunda Dialék Subang di Kacamatan Patokbeusi” (Hesty Granita, 2008); “Géografi Dialék Basa Sunda di Kacamatan Jampang Kulon Kab. Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di Kelas VII SMPN 1 Jampang Kulon Taun Pangajaran 2007-2008” (Fitri Andriani, 2008); “Basa Sunda Wewengkon Kuningan di Kacamatan Cigandamekar pikeun Bahan Pangajaran di SMA” (Hetri Triwahyuni, 2009); “Basa Sunda Dialék Kecamatan Langensari Kota Banjar” (Dési Maulina Rizqi, 2007); “Basa Sunda Dialék Majaléngka di Kacamatan Sukahaji” (Dédéh Nurfaridah, 2008); “Basa Sunda Dialék Pandéglang di Kacamatan Cipeucang pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP” (Ima Hasmanovi, 2004); jeung “Basa Sunda Dialék Sérang di Kacamatan Baros pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” (Ridha Fadilah, 2005);

Niténan kana pamahaman ngeunaan basa Sunda dialék anu kudu dipaluruh, dipiara tur pikeun ngabédakeun lambang kareueus atawa ciri has daérah sewang-séwangan, dianggap perlu pikeun dilaksanakeunna panalungtikan ngeunaan basa Sunda dialék anu aya di wewengkon séjénna anu aya di sabudeureun anu can kapaluruh. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna Basa Sunda Dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan pikeun Bahan Pangajaran di SMA perlu dilaksanakeun.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Luyu jeung kasang tukang di luhur, pikeun museurkeun ieu panalungtikan baris didésripsikeun basa Sunda dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan anu ditilik dumasar prosés morfologisna pikeun ngawangun kecap asal jeung rékaan.

Anapon kecap-kecap dialék anu baris ditalungtik ngawengku sababaraha kelompok istilah nya éta: (1) istilah pancakaki; (2) kecap gaganti jeung sesebutan; (3) istilah kahirupan désa; (4) babagian awak; (5) imah jeung babagianana; (6) istilah pakakas; (7) kadaharan jeung inuman; (8) istilah panyakit; (9) kecap pagawéan; (10) pakéan; (11) kaulinan; (12) tutuwuhan jeung bungbuahan; (13) Sasatoan; (14) ngaran barang nu aya patalina jeung alam/usum; (15) kaayaan/budi parangi hiji jalma; (16) kecap pagawéan; jeung (17) kecap pananya, panambah, panganteb, jeung panyambung. Anu ngalantarankeun dina nangtukeun kecap-kecap di luhur sabab éta kecap-kecap ték sok biasa dipaké dina hirup kumbuhna masarakat di éta Kacamatan.

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur ieu panalungtikan miboga sababaraha rumusan masalah dina wangun pananya di antarana:

- a. Aya sabaraha jumlah kecap basa Sunda dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan anu kapanggih?
- b. Kumaha wangun jeung harti kecap basa Sunda dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan?

- c. Kumaha sebaran peta wilayah géografisna kecap-kecap basa Sunda dialék di éta kacamatan?
- d. Naha basa Sunda dialék Garut Kacamatan Karangpawitan bisa dipaké pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA?

### **1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun kecap-kecap basa Sunda Dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan, ari déskripsi wangunna ngawengku:

- a. Nataan kecap-kecap basa Sunda dialék di Kacamatan Karangpawitan;
- b. Ngadéskripsikeun wangun jeung harti kecap basa Sunda dialék Garut nu kapanggih di Kacamatan Karangpawitan;
- c. Sebaran peta wilayah géografis basa Sunda dialék di Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut; jeung
- d. Bahan pangajaran basa Sunda Dialék Garut anu luyu pikeun murid SMA.

#### **1.3.2. Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan antarana waé:

- a. Bahan tambahan pikeun ngeuyeuban dina nyusun kamus basa Sunda dialék;
- b. Pikeun ngeuyeuban tiori paélmuan katatabasaan basa Sunda;
- c. Ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan dialéktologi basa Sunda;

- d. Dijadikeun bahan tinimbang para guru dina nyusun bahan pangajaran ngeunaan basa Sunda dialék/wewengkon di éta tempat;
- e. Pikeun ngeuyeuban kabeungharan kecap; jeung
- f. Pikeun bahan ajar muatan lokal (wajib) basa Sunda.

#### **1.4. Anggapan Dasar**

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta;

- a) Basa Sunda dialék dipaké pikeun komunikasi masarakat anu aya di kacamatan Karangpawitan.
- b) Basa Sunda dialék di kacamatan Karangpawitan miboga ciri anu mandiri
- c) Bédana antara kecap basa Sunda dialék Garut di kacamatan Karangpawitan jeung kecap lulugu nu bisa dianalisis dumasar kana wangun, fungsi jeung hartina
- d) Basa Sunda dialék di kacamatan Karangpawitan bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA anu aya di wewengkon Garut.

#### **1.5. Wangenan Operasional**

Sangkan luyu jeung tujuan anu geus ditangtukeun, perlu ayana wangenan istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, di antarana:

a) Basa Sunda Dialék

Basa Sunda dialék nya éta ragam basa Sunda nu dipaké ku warga masarakat nu tangtu pikeun ngabédakeun dirina jeung warga masarakat lianna nu natangga tur béda ragam basana tapi raket patalina.

b) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya éta struktur wangun bahan anu digunakeun pikeun ngabantu guru dina kagiatan diajar ngajar di kelas. Bahan anu dimaksud bisa mangrupa bahan tinulis atawa lain tinulis.

c) Kacamatan Karangpawitan

Kacamatan Karangpawitan mangrupa salahsahiji kacamatan anu aya di Kabupatén Garut nu wates wilayahna ti beulah kalér diwatesanan ku Kacamatan Banyuresmi, ti beulah kidul ku Kabupatén Tasikmalaya, ti beulah wétan ku Kacamatan Wanaraja, ti beulah kulon ku Kacamatan Tarogong jeung Garut Kota.

Jadi, anu dimaksud panalungtikan *Basa Sunda Dialék Garut di Kacamatan Karangpawitan pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMA* nya éta panalungtikan ngeunaan sajumlahing kecap basa Sunda anu diparaké ku masarakat di Kacamatan Karangpawitan Kabupatén Garut pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA.